

# Kontakte nou

## Telefòn

206-296-VOTE (8683)

1-800-325-6165

Relè TTY: 711

## Imèl

[elections@kingcounty.gov](mailto:elections@kingcounty.gov)

## Sou entènèt

[kingcounty.gov/elections](http://kingcounty.gov/elections)

## Sosyalize avèk nou

 [twitter.com/kcelections](https://twitter.com/kcelections)

 [facebook.com/kcelections](https://facebook.com/kcelections)

 [instagram.com/kcelections](https://instagram.com/kcelections)

## Pa lapòs oswa an pèsòn


Katye Jeneral Eleksyon yo

919 Southwest Grady Way

Renton, WA 98057

Louvri lasemèn soti

8:30 a.m. – 4:30 p.m.



## Vòt Aksesib

Sant Vòt yo ekipe ak aparèy asistans pou moun ki gen difikilte pou ranpli bilten vòt yo resevwa pa lapòs yo. Si w gen difikilte pou w vote, tanpri kontakte nou nan 206-296-VOTE (8683)

## Materyèl pou vote nan lòt lang

Anplis Anglè, King County Elections bay bilten vòt yo ak tout materyèl pou vote yo an Chinwa, Koreyen, Panyòl ak Vyetnamyen.

Kontakte nou pou mande materyèl pou vote nan youn nan lang sa yo.



Yon gid pou  
**Vote nan King County**



## Ki moun ki kapab enskri pou vote

Ou dwe yon sitwayen, rezidan legal nan Eta Washington, pou pi piti sèz lane, pa diskalifye pou vote akòz yon lòd tribinal, epi ou pa nan prizon kounye a akòz yon kondanasyon pou krim.

Ti moun ki genyen 16 ak 17 lane yo kapab enskri davans pou vote epi yo pral kòmanse resevwa bilten vòt yo otomatikman lè yo kalifye pou vote.

Apati janvye 2022, dwa vòt yo retabli imedyatman aprè yo fin libere aprè yon kondanasyon pou krim - kèlkeswa sitiyasyon sipèvizon kominote a. Moun ki te kondane pou yon krim oparavan dwe senpleman enskri pou vote aprè yo fin lage yo.

Moun ki gen 17 lane ki pral genyen 18 lane anvan eleksyon jeneral la ap kapab vote nan eleksyon Preliminè a. Si yo pre-anrejistre pou vote, timoun ki gen 17 lane ki kalifye yo ap resevwa bilten vòt yo otomatikman pou premye eleksyon kote yo kalifye pou vote a.

## Pran bilten vòt ou a

Yon fwa ou anrejistre pou vote, n ap voye bilten vòt ou a nan adrès postal ou a anviwon twa semèn anvan pwochen eleksyon an, pi bonè pou elektè ki an sèvis militè ak elektè ki lòt bò dlo.

## Chache konnen sa ki sou bilten vòt ou a

Anvan chak eleksyon, w ap tou resevwa yon ti liv elektè ki gen ladann deklarasyon ak enfòmasyon kontak pou kandida yo avèk plis enfòmasyon sou mezi bilten vòt yo.

Ou ka jwenn tou yon gid elektè pèsonalize ki pral montre sèlman eleksyon ou kalifye pou vote ladan yo nan kingcounty.gov/elections/my-voter-information.

## Vote bilten vòt ou a

Sèvi ak nenpòt koulè plim pou ranpli oval ki bò kote chwa w la nan chak konkou. Si ou fè yon erè, jis trase yon liy atravè tout chwa a, enkli oval la, epi ranpli oval ki bò kote nouvo chwa w la. Malgré n ap ankouraje w pou vote sou bilten vòt ou a an antye, ou kapab sote eleksyon ou vle yo epi n ap konte sèlman eleksyon ou te vote ladan yo.

## Siyen anvlop retou w la

Pou bilten vòt ou a kapab konte, ou dwe siyen deklarasyon ki sou anvlop retou a epi siyati sa a dwe menm ak sa ki nan dosye enskripsyon elektè w la. Siyati ou a pa bezwen ekri ak lèt kole oswa menm lizib, li jis dwe menm ak sa ki nan dosye a. Si siyati w la pa koresponn oswa li manke n ap voye yon lèt ba w epi kontakte w pa telefòn ak imèl si nou gen enfòmasyon sa yo nan dosye a. Nou jis bezwen ou ranpli epi retounen yon fòm senp.

## Retounen bilten vòt ou a

Ou ka retounen bilten vòt ou pa lapòs, nan yon Vote Center (Sant Vòt) oswa nan Student Engagement Hub (Sant Angajman Pou Elèv), oswa nan youn nan 70 bwat bilten ki an sekirite ki nan King County – yo pa bezwen temn.

Si w chwazi voye bilten vòt ou a pa lapòs, nou rekòmande pou w fè sa disi vandredi anvan jou vòt la pou yo ka mete so lapòs la alè. Pou yo konte, bilten vòt ou a dwe gen yon so lapòs disi Jou Eleksyon an oswa dwe nan yon bwat depo anvan 8 p.m.

## Swiv bilten vòt ou a

Tcheke sistèm pou swiv bilten vòt la sou entènèt pou asire w yo resevwa bilten vòt ou a epi yo konte l. Sistèm pou swiv bilten vòt sou entènèt la se fason ki pi rapid tou pou konnen si gen yon pwoblèm siyati ak bilten vòt ou a pou w kapab rezoud li epi fè vòt ou konte. Swiv bilten vòt ou a sou kingcounty.gov/elections/ballot-tracker.